qoyılatuǵın eń tiykarǵı talaplar tómendegiler bolıp esaplanadı.

-zamanagóy usılda pikirlew,

-máselege tez sheshim taba alıw,

-jaqsı qarım –qatnasta bolıw.

Máseleni anıqlaw hám oǵan tezlik penen nátiyjeli sheshim taba alıw da basshıdan úlken sheberlikti talap etedi. [3. 117-b]

Ulıwmalastırıp aytqanda házirgi kúnde kórkem óner tarwında basshı is alıp barıwı menen bir qatarda óz ústinde islewi izleniwi, zaman menen teń adım atıwı, hám sonıń menen birge qol astında islep atırǵan xızmetkerlergede motivaciya bere alıwı kerek. Sebebi mákemeniń qay dárejede jumıs alıp barıwı, rawajlanıwı tikkeley basshıǵa baylanıslı.

Basshı óz iskerligi dawamında mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı ámeliy proceslerdi, tariyxıy jazba dereklerdi tereń úyreniwi, taraw wazıypaları, jónelisleri, tiykarların jaqsı biliwi kerek. Basshıdaǵı joqarı aqıl-zakawat, keń dúnya-qaras, zamanagóy maǵlıwmatlardan xabarar bolıw, mádeniyat hám kórkem óner tarawındaǵı bárshe jetiskenliklerdi ámelyatqa engiziw, jańa dawıslar, jańa talantlılardı izlep tabıw ol alıp barıp atırǵan iskerlikke tiykar bolıp xızmet etedi. [4.77-b]

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. D.Qurbonov "Madaniyat va san'at sohasini boshqaruvi rahbarlarning vazifalari" maqolası. 20-bet. Ilim fan va innovaciya ilmiy-amaliy konferenciyasidan 2023j.

2.A.Nurullaev. "Sanat menejmenti va marketingi" Toshkent 2023-j 94-bet.

3.A.Haydarov "Madaniyat va san'at sohasini boshqarish asoslari" Toshkent 2016-j. 117-bet

4. " Kórkem óner hám mádeniyat xabarshısı" ilimiy-metodikalıq jurnalı, Nókis 2024-jıl. № 2- san. 77-bet.

**REZYUME.** Bul maqalada házirgi kúnde mámleketimizde kórkem óner hám mádeniyat tarawında islenip atırǵan jańa is-ilajlar, kórkem óner mákemelerinde basshılardıń iskerligi, hám olarǵa qoyılatuǵın talaplar haqqında sóz etiledi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье говорится о работе, которая в настоящее время ведется в сфере искусства и культури в нашей стране, деятельности руководителей чхудожественних учреждений и требованиях к ним.

**SUMMARY.** This article talks about the new reforms in the field of art and culture in our country, te activities of leaders in art institutions, and the demands placed on them.

## RUWXÍY JETIKLIK INSAN KAMALATÍ

**Saparbaeva Gulshira Abatbaevna -** *docent*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** madaniyat, ma'naviyat, bo'sh vaqt, xalq ijodiyoti, tanlov, madaniyat markazi, havoskorlik.

**Ключевые слова:** культура, духовность, свободное время, народное искусство, конкурс, культурный центр, самодеятельность.

**Key words:** culture, spirituality, free time, folk art, competition, cultural center, amateur performances.

Jańa Ózbekstannıń rawajlanıwı menen mámleketimizde alıp barılıp atırǵan ekono-mikalıq, siyasıy jumıslar menen bir qatarda, mádeniy - aǵartıwshılıq, huqıqıy hám tálim - tárbiyalıq tarawlarda kóplegen reformalar ámelge asırılmaqta. Usı baǵdarda mádeniyat hám kórkem ónerge baylanıslı tálim-tárbiyanıń mazmunında jurt tınıshlıǵı, Watanmızdıń rawajlanıwı, insanlardıń ruwxıy jetikligin joqarılatıw sıyaqlı túsiniklerdiń áhmiyetli jemisi ata babalarımızdan miyras qádiriyatlarımızdı qádirlew, milliy-ligimizdiń dúrdanaların áwladtan-áwladqa jetkerip beriwde juwapkerli wazıypalar belgilengen. Xaqımızdıń ruwxıylıǵın joqarılatıwda, olardı pák hám hadal jasawǵa shaqırıw, óz pikirine iye bolıw, jaslar arasında salamat immunitetti qáliplestiriw sıyaqlı pazıyletlerdi rawajlandırıwda milliy hám dúnya mádeniyatınıń eń jaqsı úlgilerin úgit-násiyatlaw hám xalıq sanasına sińdiriw, ósip kiyatırǵan jas áwladtı, zamanagóy jaslardı tárbiyalaw, milletke, tariyxqa, insaniyatqa bolǵan

húrmet sezimlerin oyatıw hám saqlaw insanlardıń ruwxıy jetiskenliginiń jemisi esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 28-yanvar 2022-jıldaǵı “2022-2026-jıllarǵa baǵdarlanǵan Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyası haqqında” ǵı pármanında, ruwxıy rawajlanıwdı támiyinlew hám tarawdı jańa basqıshqa alıp shıǵıw wazıypası belgilengen. Xalqımızdıń ózine tánligi hám biytákirarlıǵın saqlaw, tariyxıy rawajlanǵan áyyemgi milliy mádeniyatlar, kórkem óner hám xalıq dóretiwshiligi, júz jıllar dawamındaǵı payda bolıp rawajlanǵan milliy dástúrleri hám úrp-ádetleriniń óz-ara jaqınlasıwı hám de bir-birin bayıtıp barıwı ushın, dúnyada jasap atırǵan túrli millet hám elat wákilleri arasında óz-ara húrmet sezimlerin qarar taptırıw áhmiyetke iye process bolıp tabıladı.

Húrmetli Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev “Biz jaratıp atırǵan jańa Ózbekstannıń ideologiyası jaqsılıq, adamgershilik, gumanizm ideyası boladı. Biz ideologiya degende, dáslep, pikir tárbiyasın, milliy hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlar tárbiyasın túsinemiz. Olar xalqımızdıń neshe mıń jıllıq turmıslıq túsinik hám qádiriyatlarına tiykarlanǵan” degen edi. [1]

Házirgi kúnniń áhmiyetli talabı, xalqımızdıń ózligin ańlawında, turmıslıq jasaw sharayatınıń tereń tariyxıy mazmunın túsinip jetiwi zárúrligi, solay etip, erteńgi kúnniń dawamshıları bolǵan, ózimizdiń perzentlerimizdiń sanasına ata-babalarımızdıń ólmes miyrasların, olar qaldırıp ketken ilim, bilim kónlikpelerin kóz qarashıǵınday asırap-saqlaw hám rawajlandırıwday wazıypalardı úgit-násiyalawdan ibarat. Demek, ásirler dawamında qáliplesken joqarı ruwxıy úrp-ádet dástúrleri, ullı ata-babalarımızdıń óshpes miyraslarınan azıqlanadı. Sonı atap ótiw orınlı, hárbir dáwir, insaniyattıń keleshegi, adamlardıń turmıs dárejesi, tálim hám tárbiyası menen baylanıslı boladı. Sonı atap ótiw orınlı, hárbir dáwir, insaniyat keleshegi turmıs dárejesi tálim hám tárbiya menen baylanıslı boladı. Onıń ruwxıy jetikligide – jeke pikirlewinde, ilim hám tárbiya insandı ruwxıy joqarılatıwı sózsiz. Atap aytatuǵın bolsaq, VII-XII ásirler dawamında Oraylıq Aziyada mádeniyat, ilim-pán rawajlanıp kelgen. Bul tariyxıy dáwirlerde jasap, dóretiwshilik etken alımlarımız insanlardıń ruwxıy hám pikirlew dúniyasın bayıtıw menen birge olardıń sanasına mádeniy-aǵartıwshılıq kóz-qaraslarınıń ósiwinde dáretiwshilik isleri menen itibar qaratqan. Danıshpanlarımız, Beruniy, Farobiy, Ibn Sino, Yassawiy, Naqshband, Imom Buxoriy hám basqalar insan tárbiyasına qaratılǵan ádep-ikramlılıq qaǵıydaların engizip kelgen. Ruwxıylıq, tálim-tárbiya insan kámilliginiń tiykarı esaplanadı. Jańa Ózbekstan rawajlanıwında tálim - tárbiya tarawında, ruwxıylıq qádiriyatların tiklew, milliy úrp-ádetler hám dástúrler tiykarında ruwxıy jetiklik máselelerin ásirese jaslar arasında úgit-násiyatlaw aktual máseles bolıp tabıladı. Hárbir dáwirdiń ózine tán bolǵan tárbiyalıq nızamlıqları hámde talapları bar. Áta-babalarımızdan miyras bolıp kelgen tárbiya hámme waqıtta jas áwladtıń kekseler tájiriybesine súyengen halda, jaslardıń sanası hám pikirlewlerine sińdiriw dawamıylıǵın qollanǵan hám tariyxıy miyaraslar, úrp-ádetler insan tárbiyasında áhmiyetli sanalǵan. Tálim – tárbiya insannıń salamat hám bekkem bolıwına jáne ruwxıy joqarılawına járdem beredi. Sebebi insan jaqsı ámel, jaqsılıqlardı gózlegen halda jaratılǵan. Insannıń turmıs mádeniyatı shaxstıń jámiyettegi ruwxıy dárejesiniń natiyjesi bolıp tabıladı. Sebebi, jámiyettiń salamatlıǵı harbir insannıń joqarı dárejede turmıs mádeniyatına, ruwxıylıǵına iye bolıwın talap etedi.

Prezidentimiz “Jámiyet turmısınıń denesi ekonomika bolsa,onıń janı hám ruwxıy mánáwiyat” degen edi, 2021-jıl 19-yanvarda Mánáwiy – ruwxıy isler sistemasın túpkilikli rawajlandırıw boyınsha mámleket hám jámáátshilik shólkemleri menen birge islesiwdi kúsheytiw máseleleri boyınsha videoselektor jıynalısında. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıń 26-marttaǵı PQ-5040-sanlı qararında, mádeniyat, ádebiyat, kino, teatr, muzıka hám kórkem ónerdiń barlıq túrleri, baspa ónimleri, ǵalaba xabar quralları̇nda mánáwiy-ruwxıy ólshemler, milliy hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlardıń ústinligine erisiw wazıypaları begilep berilgen. Xalıqtıń ruwxıy joqarılawın támiyinlewde mádeniyat hám kórkem óner mákemelerinde ózine tán is usılları boyınsha iskerlikler shólkemlestiriledi. Hárbir xalıqtıń tariyxıy rawajlanıw basqıshlarına sáykeslengen bayramları payda bolǵan, bul bayramlar xalıqtıń quwanıshı, shadlıǵın ózinde sáwlelendiriwshi ilájlar mánisin ańlatadı. Sol sebepli xalıq bayramlarınıń mazmunın tereń úyreniw, olardaǵı aytılǵan pikirler átirapında bayram túrlerin zamanagóylestiriw, shólkemlestiriw usılların tálim tárbiya tarawında keńnen en jaydırıw áhmiyetli esaplanadı. Bir sóz benen aytqanda shaxstıń ruwxıy joqarılawı onıń sociallıq iskerligin asıradı hám jámiyetiń rawajlanıwın tezlestiredi. Álbette insanlar sanasında mánawiy-ruwxıy, huquqıy, tárbiyalıq áhmiyetke iye bolǵan túsiniklerdi keńeytiw, jámiyettiń belsendi aǵzasına aylanıwında, Watandı súyiwshilik, tınıshlıq, jańa Ózbekstannıń rawajlanıw jolın tereń túsiniw, onı qádirlew siyaqlı qádiriyatlar mádeniy ilajlardı,

bayramlardı shólkemlestiriw arqalı ámelge asırılıw maqsetke muwapıq boladı. Sonıń ushında xalqımız arasında milliy ideyalar menen suwǵarılǵan, mazmunı jaǵınan áhmiyetli bayramlardı shólkemlestiriw, olardıń ruwxıy dúnyasın bayıtıp barıwǵa járdemlesedi. Húkimetimiz miliy qádiriyatlardı tiklew barısında ásirese, mádeniy miyraslardıń uzaq tariyxqa iye bolǵan kórkem ónerimizdi saqlap qalıw, onı rawajlandırıp xalqımızdıń ruwxıy bárkamallıǵın asırıwǵa xızmet etetuǵın sharayatlardı jaratıp bermekte. Xalqımızdıń ásirler dawamında jaratılǵan hám kórkemlilik tárepinen bezetilgen arzıw etken dástúrlerimiz, sonday-aq bayram hám seyillerdegi dástúrli tamasha kórkem óneriniń elementleri de qayta tiklendi. Ata-babalarımızdıń jaratqan bay mádeniy miyrası tiykarında rawajlanǵan qádiriyatları arasında xalqımızdıń ózine tán bolǵan ǵárezsizlik saltantı esaplanǵan «Ǵárezsizlik bayramı» úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Álbette bayramlar hárbir xalıqtıń jasaw tárizindegi basıp ótken turmıslıq jaǵdayları, ózleriniń jetiskenlikleriniń jeńislerinen baxıtlı ómirlerinen kewli tolıwları nátiyjesinde payda boladı. Usınday bayramlarǵa óz dáwirlerinde alımlar tárepinen pikirler berilip, ilimiy izertlenip kelingen. Bayramlar haqqındaǵı pán «eorto-logiya» yunonsha «eorto» bayram hám «logos» úyreniw dep ataladı. Shıǵıs alımları Firdavsiy, Farobiy, Maxmud Qoshqariy, Alisher Nawayı, Zahriddin Muxammed Babur, Ogahiy, Behbudiy, Fitrat sıyaqlı alım danıshpanlar bayramlar hám onıń shólkemlestiriliwi haqqında bayramlardıń sociallıq turmıstaǵı ornı hám roli boyınsha túrli kóz-qaraslar menen pikirler menen miyras qaldırǵan. Usı tarawdı úyreniw boyınsha I.Snegirov, I.Saxarov, F.Buslaev, A.Afanasev, Yo.Anichkov, K.A. Mardjanov, D.M.Genkin, I.M.Tumanov, B.Sayfullaev, V.K.Rustamov, S.Ywldosheva, J.Eshoqulov, A.Ashirov, W.Tosh-matovlardıń [2] ilimiy izertlewler alıp barǵan. Xalqımızdıń mádeniy qádiriyatları, mádeniy miyrası, milliy dástúrleri hám uzaq tariyxqa iye bolǵan kórkem ónerimizdi saqlap qalıw, asırap-abaylaw hámde onı jánede rawajlandırıw hám jámiyette xızmet etiwi ushın sociallıq ekonomikalıq sharayatlar jaratıp berdi. “Milliy joqarılaw, milliy ózlikti ańlaw, ruwxıy qádiriyatlar kólemin keńeytiw procesi hám ádep-ikramlılıq sáwleleniwlerimiz, dástúrlerimiz hám jaqsılıq pazıyletlerimizge barıp taqaladı. Sociallıq joqarılaw heshqashan ádep-ikramlılıqtı, insa-nıylıqtı buzıwǵa alıp kelmegen.” Demek mánáwiyat - insannıń belgili dárejedegi fizikalıq, aqlıy, ádep-ikramlıq ruwxıy ulıǵlanıwı hám dúnya qaraslarına joqarılatıwshı túsinik.

Haqıyqattanda millet hám elatlardıń ózine tán tariyxıy miyrası, kórkem óneri hám ádebiyatı mádeniyatı menen bir qatarda olardıń úrp-ádet hám máresimleri, ruwxıy jetiskenligi arqalı ádep-ikramlıq, keń peyillik, mehir múriwbet, húrmet-izzet sıyaqlı pazıyletler kámil insannıń qáliplesiwiniń tiykarın quraydı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. https://qalampir.uz.news.
2. B.Sayfullaev., V.K. Rustamov. Madaniy tadbirlarni tashkil etish mahorati. Toshkent 2016. 85-bet.
3. T.Mahmudov. Mustaqillik va ma’naviyat. Toshkent - 2001yil. Nashiryot Sharq. 158 b.
4. А.Ҳайдаров. Ҳаракатлар стратегияси ва маънавий юксалиш. Тошкент -2018 й. Ғ.Ғулом нашириёти. 256 б.

**REZYUME.** Maqolada Yangi O‘zbekistonning rivojlanishida ma’naviyat hayotimizning yangi kuch, yangi harakatining mahsuli sifatida kelajagimiz bo‘lgan yoshlar tarbiyasining asosiy masalasi va aholining bo‘sh vaqtini mazmunli o‘tkazishda madaniyat markazlarida innovatsion ish jarayonlari haqida nazariy tushunchalar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье в развитии Нового Узбекистана духовность – новая сила нашей жизни, продукт нового движения, главный вопрос воспитания молодежи, которая – наше будущее, и 86 теоретические концепции об инновационных процессах работы в культурных центрах. в осмысленном проведении свободного времени населения.

**SUMMARY.** In the article, in the development of New Uzbekistan, spirituality is a new force of our life, a product of a new movement, the main issue of educating young people, who are our future, and theoretical concepts are given about innovative work processes in cultural centers for meaningful leisure time of the population.